Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого,лъилъе,нилъ гьечӀого,хур.
Инхоса ГӀали-хӀажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 8 (6796) 28 февраль 2022 с. Итни Ражаб 1443 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Гъалип Гъалипов Зарема Бутаевагун дандчӀвана

Гъоркь Инхо КДЦялъе – цӀияб алатал

**2022-абилеб соналъул 24-абилеб февралалда Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тӀуралев Гъалип Гъалипов дандчӀвана Дагъистаналъул маданияталъул министрасул ишал тӀуралей Зарема Бутаевагун. Гьеб дандельиялда рорхана Бакълъулазул мухъалда маданияталда хурхарал проектал нухдаинариялъул суалал.**

Дагъистаналъул Минкультураялъул мухъалдасан, регионалияб программаялда рекъон



къачӀараб, Гъоркь Инхо росдал маданиябгун хӀухьбахъиялъул централъе бакӀал, шкафал ва цогидал алатал кьезе руго. Гьединго, Бакълъул районалъул администрациялъ цогидал росабазул маданиял идараби программабалъе ккезе хӀажатал документал хӀадурулел руго. ДРялъул Минкультураялъул нухмалъулей Зарема Бутаевалъе Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна Бакълъул районалъе гьабураб кумекалъухъ.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТӀАЛАБАЗДА

## Лъел рогӀрал, лъим кьабулеб станция...

Лъалъадиялъул суалал

**Бакълъул районалъул бетӀерасул ишал тӀуралев Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ лъалъадиялъул суалал рорхараб дандельи тӀобитӀана. Тадбиралда гӀахьаллъи гьабуна «ДРялъул ракьул пайда цӀикӀкӀинабиялъул, росдал магӀишат лъедалъун хьезабиялъул министерство» ФГБУялъул Хунзахъ филиалалъул нухмалъулев ХӀусен ХӀамзатовас, гьеб идараялъул Бакълъул мухъалда бугеб участокалъул нухмалъулев Давуд МухӀамадгичиевас, муниципалитеталъул нухмалъулесул кумекчи Муса КъурамухӀамадовас, Бакълъулазул росдал магӀишаталъул идараялъул нухмалъулев** МухӀамад ГӀабдулхӀалимовас, бегавулзабаз ва цогидаз.



Дагъистаналъул Минмелиоводхозалъул вакилзабаз муниципалитеталъул лъалъадиялда хурхарал масъалаби тӀуразе хӀадурал рукӀин баян гьабуна. Дандеруссиналъул хӀасилалда хӀукму гьабуна Игъали росулъ 1 км, Ингишо росулъ 250 метралъул манзилалда рогӀрал лъезе. Аргъвани, ЧӀиркъатӀа, Гъоркь Инхо ва цогидал росабалъги гьединго лъалъадиялда хурхарал суалал тӀуразе хӀалтӀаби гьаризе руго.Игъали росулъ ругел кӀиго лъим кьабулел станциял рагӀа-ракьанде щун къачӀазе руго. Гьединго гӀужие босана Гъоркь Инхо росулъ цӀияб лъим кьабулеб станция базе, Гъоркь Инхо, ТӀад Инхо ва ЧӀикь росабалъ хурзал, ахал лъалъазе рес щвезе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГӀУМРУ

## Гъалип Гъалипов: «Нух къачӀай – кири цӀикӀкӀараб иш»

КДЦ къачӀаялъул, больницаялъе цӀияб мина баялъул суалалги рорхана

**Араб анкьалъ Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тӀуралев Гъалип Гъалиповас хӀалтӀулаб сапар бухьана Гъоркь Инхо росулъе. Гьеб росулъ проектал нухдаинариялъул халгьабуна Гъалиповас. Гьедин, маданиябгун хӀухьбахъиялъул централде, кьищни-кълул рехулел контейнерал лъураб мухъалде щвана. БакӀазул халгьабиялъулъ гьединго гӀахьаллъана «Село Нижнее Инхо» поселениялъул бетӀер ГӀумарасхӀаб Расулов ва цогидал. Маданиябгун хӀухьбахъиялъул центр ва контейнерал лъезе байдан къачӀаялъул хӀалтӀаби 2022-абилеб соналъул тӀоцебесеб январалдего рагӀалде рахъине кколаан. Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баян гьабуна, гӀужда хӀалтӀаби нухдаинарун, бакӀал хӀалтӀизе ричазе кколебльи.**

Гьединго Гъалиповас инхдерилгун бицана сверун унеб хъил тӀураб цӀияб Инхо-Килалъ нух баялъул. Гьеб суал борхараб данделъиялда гӀахьаллъи гьабуна «Село Килятль» поселениялъул бегавул ГӀабдулхӀамид МухӀамадовас, «Село Нижнее Инхо» АСПялъул нухмалъулев ГӀумарасхӀаб Расуловас, проектировщик Раул Абакаровас ва цогидаз. Гъалиповас гъоркь инхдерил вакилзабазе баян гьабуна Инхо-Килалъ нухалъул проект кинало рахъазулгун дандбан букӀиналъул, 2 росдал гӀададамал рази рукӀиналъул, Дагъистаналъул Минтрансалъ ва цогидал идарабаз кумек гьабилин абиялъул. Гьеб нух бай лъикӀаблъун рикӀкӀана Дагъистаналъул Муфтий шайх АхӀмад Афандицаги (къ.с.).

«Кинаб бугониги нух бай – лъикӀлъи буго. Хъил тӀурал санагӀатал нухаз мугӀрузулаб рахъ цебетӀезабула, авариял ккей дагъльула, гӀададамазул гӀумру ва сахлъи цӀунула, социалиябгун экономикиял рахъал церетӀезарула. Нух къачӀай – кири цӀикӀкӀараб иш»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. Гьединго муниципалитеталъул нухмалъулесда ракӀалда буго Инхоб бакӀалъулаб больницаялъул гьанжесел къагӀидабазда рекъараб цӀияб корпус базе.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Бакълъулазул тӀалъи – Игъали росулъ

- 2 гьум.



342 гӀарза, гӀужда отчетал кьей, вакцинация…

- 2 гьум.



«ЦебетӀураб армия – къуватаб улка»

- 2 гьум.



Рахьдал мацӀалъул кьоялъул хӀурматалда тадбирал тӀоритӀана

- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

## Бакълъулазул тІалъи – Игъали росулъ

### Росдаца кванаазабула улка



**Игъали росдал гьоркьохъеб школалда Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тІуралев Гъалип Гъалиповас «Сельсовет “Игалинский”» поселениялъул хІаракатчагІигун дандельи тІобитІана. Бакълъулазул расалъиялда ругел росабазул гІадамаз лъалъадиялъул, нухал къачІаялъул, гьоркьоса къотІичІого ток чІезабиялъул суалал рорхана. Гъалиповас баян гьабуна Игъали росулъе къуват цІикІкІараб трансформатор бачІун букІин, росулъ цІияб школа баялъул хІалтІаби нухдаинаризе документал къачІалел рукІиналъул.**

Игъали росдал гьоркьохъеб школалъул квен гьабулеб рахъалъ капиталияб ремонт гьабизе буго, гьединго маданиябгун хІухьбахъиялъул централда цІияб хинлъи кьеялъул алатал чІезаризе руго. Гьеб росулъ гьекъолеб лъим чІезабизе , футбол хІалеб байдан кІкІабатІалдаса цІунизе мурадалда гьарулел хІалтІаби нухдаинаризе руго. ГІанди гІурухъ бугеб лъим къабулеб станция къачІазе буго. Кунзахъ, Лъанлъари, ЦІаналъ школалги бербалагьичІого тезе гьечІо, гьединго, дандельиялда сахлъи цІуни, росдал магІишат, социалиял рахъал церетІеялъул суалалги рорхана. Киналго халгьабурал суалал Бакълъулазул тІалъиялъул вакилзабаз хІисабалде росана, гьел масъалаби тІуразе бажараб гьабизе буго.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## 342 гІарза, гІужда отчетал кьей, вакцинация...

### «РакІалдещвеялъул ах» акция тІобитІиялъулги бицана

**2022-абилеб соналъул 21-абилеб февралалда Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетІерасул заместитель Малик Маликовасул нухмалъиялда гІужда хІалтІулал отчетал кьеялъул, тІабигІияб газ бачиналъул ва цогидал кІвар бугел суалал гьоркьор лъураб дандельи тІобитІана. Тадбиралда гІахьаллъи гьабуна администрациялъул аппаратаялъул хІалтІухъабаз, федералиял, регионалиял ва бакІалъулал идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.**



Дандеруссиналда Бакълъул районалъул нухмалъулесул кумекчи Шамил Мажидовас бицана муниципалитеталда халкъалда гьоркьосеб КІудияб ВатІанияб рагъда хваразул хІурматалда «РакІалдещвеялъул ах» абураб акция муниципалитеталда тІобитІиялъул. ДРялъул МФЦялъул «Дир документал» Бакълъул районалда бугеб филиалалъул директор ГІумар МухІамадовасул рагІабазда рекъон, араб анкьалъ централде 342 гІарза бачІун буго батІибатІиял хъулухъал тІуразе мурадалда, тІубана – 274. Санитариябгун эпидемиологическияб ахІвал-хІалалъул баян гьабуна Бакълъул районалъул Централияб больницаялъул эпидемиолог Апанди Сулеймановас. Гьесул рагІабазда рекъон, 95% тІубан буго вакцинация гьабиялъул план.

Бакълъул районалда бугеб Дагъистаналъул ОПФРялъул нухмалъулев НурухІма МухІамадовас ва муниципалитеталда бугеб Дагъистаналъул специалист-эксперт МухІамад Лабазановас районалъул идарабазде гІужда хІалтІулал отчетал кьеян хитІаб гьабуна. Районалъул маданияталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас бицана ВатІан цІунулезул кьоялда хурхун тадбирал гьариялъул. Гьединго кьокьго гьабураб хІалтІул хІасилазул бицана цогидал идарабазул вакилзабазги. Дандеруссиналъул ахиралда Малик Маликовас хитІаб гьабуна гІужда ва лъикІ бакълъулазул тІалабал тІураян.

**Зугьра ГІабдулкъадирова**

НИЛЪ – БАРАБ АХІУЛЪГИ АХІАРАБ БОЛЪГИ

## «ЦебетІураб армия – къуватаб улка»

### ВатІан цІунулезул къо кІодо гьабуна



**ВатІан бокьиялъул, тарихиялгун маданияталъул тадбирал тІоритІана Бакълъулазул мухъалда ВатІан цІунулезул ва ВатІан тун къватІибехун рагъулаб хъулухъ борхарал ракІалдещвеялъул къоялда хурхун. Рохалилаб байрам тІобитІиялъулъ гІахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул бетІерасул ишал тІуралев Гъалип Гъалиповас, гьесул заместитель Малик Маликовас, рагъухъаби-интернационалистаз, районалъул руччабазул гІуцІиялъул вакилзабаз, муниципалитеталъул хІаракатчагІаз ва цогидаз. КІудияб ВатІанияб рагъда гІахьаллъаразул хІурматалда бараб памятникалда цебе тІугьдузул горал лъун хадуб администрациялъул дандельабазул залалда хІурматияб дандеруссин тІобитІана.**

Тадбир рагьулаго, Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас ракІалде щвезабуна Россиялъулал, Дагъистаналъул, Бакълъулазул тарихалъул. «Ассаламу гІалайкум хІурматиял бакълъулал, рагъухъаби-интернационалистал, ВатІан цІунулел! РакІ-ракІалъ баркула нужеда ВатІан цІунулезул ва араб ВатІан тун къватІибехун рагъулаб хъулухъ борхаразул къо. Гьел къоял ккола Россиялъул гІадамазул бищун сахал гІамалазул, бахІарчилъиялъул, къвакІиялъул, къо хІехьеялъул гІаламатлъун. Бакълъулаз нус-нус соназ бихьизабуна ВатІан цІунизе бугеб гьира, бахІарчилъи. Надир-шагьил, Рекъав Тимурил боял щущахъ рихизариялъулъ гІахьаллъи гьабуна, имам Шамилида цадахъ рагъана, КІудияб ВатІанияб рагъулъ къиматаб бутІа тана. ВатІаналъе мутІигІлъиялъул мисал бихьизабуна афгъаналъулаз, 1999-абилел соназул лъугьабахъиназул гІахьалчагІаз. Бакълъулазул рагъухъаби-интернационалистаз жигараб гІахьаллъи гьабула районалъул ва республикаялъул гІумрудулъ, къиматаб бутІа лъола гІун бачІунеб гІелалъе тарбия кьеялъулъ, лъималазул рухІияб рахъ бечед гьабиялъулъ. РакІ-ракІалъ гьарула нужее щулияб сахлъи, гІумру халалъи, сундулъго икъбал ва кинабго лъикІабщинаб»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. Тадбиралда гьединго рагъухъаби-интернационалистазе ва цогидал бакълъулазе шапакъаталги кьуна. Байрам берцин гьабуна Дагъистаналъул Бакълъул мухъалда бугеб Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул централъул хІалтІухъабазул церерахъиназ.

Районалъул росабалъги тІоритІана ВатІан цІунулезул къоялда хурхарал тадбирал. Гьедин, МельелтІа росдал маданиябгун хІухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГІазра Рурухмаевалъ байрамалъулаб стол гІуцІана. Гьоркь Инхо росдал библиотекаялъул нухмалъулей ПатІимат Юсуповалъ ва школалъул умумузул комитеталъ мугІалимазда баркана ВатІан цІунулезул къо. ЧІикь росдал гьоркьохъеб школалда «ЦебетІураб армия – къуватаб улка» абураб бахІарчилъиялъулаб дарс гІуцІана. КДЦялъул нухмалъулев ГІали Сайгиднуровас тадбиралъул гІахьалчагІазе бицана байрамалъул тарихалъул, рагъда гІахьаллъарал росуцоязул. Ингишо росдал библиотекаялъул нухмалъулей ПатІина АхІмадовалъ школалъул хІалтІухъабазда цадахъ цІалдохъабазда гьоркьоб спортивиял къецал гІуцІана. Кунзахъ росдал КДЦялъул хІалтІухъабазул жигаралдалъун «ВатІан цІунулезул къо – Россиялъул рагъулаб цебетІеялъул къо» абураб дарс тІобитІана ва столалда хІалеб теннисалъул турнир гІуцІана.

«Гьая, васал» абурал къецал гьаруна ЦІияб Данухъ росдал КДЦялъул нухмалъулей ХІузаймат Багьавдиновалъ. ВатІан цІунулезул къоялъул хІурматалда ЦІиликь росулъ «Бихьинчияс ВатІаналда цебе налъи борхизе ккола» абураб тадбир тІобитІана маданияв хІалтІухъан ГІабдухаликъ ГІубайдовас. Школалъул администрациялъ ва КДЦялъул нухмалъулей Чакар Гъазалиевалъ Первомайск росулъги тІобитІана байрамалда хурхараб тадбир. Гьарадирихъ росдал маданияталъул хІалтІухъан Анисат НурмухІамадовалъ росдал жамгІиял хІаракатчагІазе квана-гьекъей гІуцІана. Муниципалитеталъул лъималазул творчествоялъулаб рукъалъул хІалтІухъабазги гІуцІана батІибатІиял тадбирал. Гьедин, Киналъ школалда «Фольклор» кружокалъул нухмалъулей Нурпат Каримовалъ, Гьарадирихъ школалъул кружокалъул нухмалъулев ГІумарасхІаб Сайпудиновас, Аргъваниса Хадижат Сабигулаевалъ, ЧІикьа Зайнаб ГІабдусаламовалъ, МельелтІаса Мадина МухІамадовалъ жидерго тарбиячагІазул гІахьаллъигун дандеруссинал гІуцІана. Бакълъулазул цогидал росабалги тІоритІана ВатІан бокьиялъул тадбирал.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

## Ракьул гІорхъоде щвезегІан газ чІобого бачин




**ХІурматиял бакълъулал! Дагъистаналда гІорхъоде щвезегІан газ бачиналъул программа нухдаинабиялда рекъон, аслияб газил рогІороялдасан ракьул гІорхъоде щвезегІан газил трубаби чІорого лъезе рес буго. Мина-карталъул бетІергьанчияс, гІорхъоде щвараладаса газалъул мухъалдасан пайда босизе ккани, гІарац кьезе ккола. ГІорхъоде щвезегІан тІабигІияб газ чІобого бачиналъул гІатІидго хъван буго Россиялъул тІабигІияб газ бачиналъул официалияб сайталда. Гьеб программаялъулъ гІахьаллъизе ккани, ракьул, мина-карталъул ихтиярал тІад хъварал документал рукІине ккола.**

**«Гумбет» РИО**

МАЛЪЕ, ЭБЕЛ, РАХЬДАЛ МАЦI

# Рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда тадбирал тIоритIана

**Бакълъул районалъул маданияталъул идарабазда ва школазда араб анкьалъ халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалда хурхарал тадбирал тIоритIана. Гьедин, Килалъ маданиябгун хIухьбахъиялъул централда цIалдохъабазда гьоркьоб рахьдал мацI лъазабиялъул бугеб кIваралъул бицараб гара-чIвари гьабуна, гьединго гIакълиял къецал гIуцIана, музеялде ана. Пермомайск росдал КДЦялъул директор Чакар Гъазалиевалъ лъималазда гьоркьоб рахьдал мацIалда хурхарал кучIдул цIалиялъул къец тIобитIана. МелъелтIа росдал маданияб идараялъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ рахьдал мацIалда кучIдул цIалиялъул флешмоб гIуцIана.**



ЧиркъатIа росдал КДЦялъул вакил Жамиля МухIамадовалъ лъималазе баян гьабуна рахьдал мацI цIунизе щивасда тIадаб букIин, цIалдохъабаз гьираялда цIалана магIарул мацIалда кучIдулги. Данухъ росдал цIалул идараялда КДЦялъул директор ХIузаймат Багьавдиновалъ ва школалъул администрациялъ рахьдал мацI кIодо гьабиялъул хIурматалда батIи-батIиял тадбирал тIоритIана, лъималаз рихьизаруна «Иццухъ дандчIвай» абураб сценка ва цогидал церерахъинал. «МагIарул мацI, дур берцинлъи» абураб темаялда тIасан цIалдолезулаб конференция тIобитIана МелъелтIа росдал библиотекаялъул нухмалъулей Аминат Халидовалъ.

ЛъаратIа росулъ школалъул, маданияталъул, библиотекаялъул хIалтIухъабазги цIалдохъабазе баянал гьаруна рахьдал мацIалъул къоялда тIасан. Гьез лъималазде хитIаб гьабуна магIарул мацI цIуниялде кIвар кьеян, нилъерго умумузул берцинал гIадатал цIунеян. Бакълъул районалъул шагIирзабазул кучIдул цIалиялъул къец тIобитIана ЦIаналъ росдал КДЦялъул нухмалъулев ГIалиасхIаб ПатахIовасул хIаракаталдалъун. «Рахьдал мацIалъул къо» абурал тадбирал тIоритIана Килалъ росульги. Гьединго районалъул Нарыш, ЦIиликь ва цогидал росабалъги кIодо гьабуна рахьдал мацIалъул къо.

**Макка МухIамадова**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# Амина ГIабдулмажидовалъул иргадулаб бергьенлъи

**Дагъистаналъул тахшагьаралда регионазда гьоркьосеб хIисаб гIелмуялъул олимпиада тIобитIана. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъа Амина ГIабдулмажидовалъ.**

**ГIакълияб къецалъул хIасилалда гьитIинай бакълъулалъе тIоцебесеб бакI щвана. Гьелъ гIахьаллъи гьабуна батIи-батIиял даражаялъул хIисабалъул олимпиадабазда, чанцIулго мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе.**



**Баркула ГIабдулмажидовалда иргадулаб бергьенлъи щвей, гьарула щулияб сахлъи ва сундульго битIккей.**

**Макка МухIамадова**

РИТМ ГУМБЕТА

# Воинов-интернационалистов Гумбетовского района принял муфтий Дагестана

**Накануне состоялась встреча муфтия Дагестана, шейха Ахмада Афанди (къ.с.) с ветеранами афганской войны, представителями Всероссийской общественной организации «Боевое братство».**

В рамках встречи муфтий РД, шейх Ахмад Афанди (къ.с.) дал наставления своим гостям, поблагодарил ветеранов за активную общественную работу, а также пожелал здоровья и благополучия.

В свою очередь ветераны выразили готовность к более тесному сотрудничеству с Муфтиятом РД во благо общества.

В завершение мероприятия муфтию РД была вручена медаль «За укрепление боевого содружества».



**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Сергей Меликов: «Россия выполнит свою миссию по поддержанию мира в братском государстве»

**Глава Дагестана Сергей Меликов выступил с официальным комментарием по поводу начала спецоперации России в Донбассе.**



«Уверен, Россия выполнит свою миссию по поддержанию мира в братском государстве. У нас есть необходимое вооружение и, главное – настоящие патриоты», – заявил Сергей Меликов. Об этом сообщает сайт Главы РД. Также руководитель Дагестана заверил жителей региона, что все структуры республики работают в штатном режиме, нет причины для беспокойства.

«Все республиканские органы власти продолжают работать в штатном режиме, синхронизируя запланированные мероприятия с федеральным уровнем власти. Хочу призвать и вас сохранять спокойствие и выдержку», – сказано в комментарии Сергея Меликова.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Галип Галипов поздравил Хаджимурада Магомедова с 48-летием

**Руководитель Гумбетовского района Галип Галипов поздравил депутата Народного Собрания Дагестана, олимпийского чемпиона Хаджимурада Магомедова с 48-летием.**



«Уважаемый Хаджимурад Сайгидмагомедович! Поздравляю Вас с 48-летием, желаю успешной реализации благих намерений, счастья, крепкого здоровья, всего самого наилучшего! Вы вписали свое имя в историю российского спорта, внесли лепту в развитие Гумбетовского района.

Выражаю надежду на то, что Вы и в качестве депутата Народного Собрания Дагестана будете делать все возможное для решения вопросов родного края», – говорится в поздравлении руководителя Гумбетовского района Галипа Галипова.

**РИО «Гумбет»**

# Пять районов Дагестана являются флагманами по производству овощей открытого грунта

**Пять районов региона являются ведущими производителями овощей открытого грунта.**

**Об этом проинформировал первый замминистра сельского хозяйства и продовольствия РД Шарип Шарипов, сообщает РИА «Дагестан». По сообщению источника, Шарип Шарипов отметил Левашинский район, Дербентский, Хасавюртовский, Кизлярский и Магарамкентский районы по производству овощей открытого грунта.**

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Оперативно-профилактическое мероприятие «Профилактика»

**На территории Республики Дагестан в период с 21 по 28 февраля 2022 года проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Профилактика» (далее – ОПМ «Профилактика»).**

Основными задачами ОПМ «Профилактика» являются: выявление детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, и оказание им необходимой помощи, выявление несовершеннолетних, уклоняющихся от учебы с принятием мер по возвращению их в образовательные организации для продолжения обучения, активизация работы, направленной на выявление и привлечение к ответственности лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений и антиобщественных действий.

В рамках операции на территории района проводятся проверочные и рейдовые мероприятия в местах массового пребывания несовершеннолетних и молодежи, направленные на выявления лиц, провоцирующих подростков на совершение правонарушений и иных антиобщественных действий, в том числе связанных с проявлением экстремизма, занятием проституцией, попрошайничеством, эксплуатирующих детей с целью получения прибыли, безнадзорных и беспризорных несовершеннолетних, выявления и пресечения фактов реализации несовершеннолетним алкогольных и спиртосодержащих напитков, а также фактов, распространения среди несовершеннолетних наркотических средств и психотропных веществ, выявления детей находящихся в трудной жизненной ситуации и оказание им необходимой помощи, выявление подростков-правонарушителей и подростков антиобщественной направленности; принятие мер по предупреждению их противоправного поведения, выявление несовершеннолетних, уклоняющихся от учебы; принятие мер по возвращению их в образовательные организации для продолжения обучения.

Проводятся работы, направленные на выявление и привлечение к ответственности лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений и антиобщественных действий.

**Д. И. Исрапов,**
**врио начальника Отдела МВД России по Гумбетовскому район**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Уважаемые налогоплательщики Гумбетовского района!

**В рамках информационной кампаний в актовом зале Администрации МР «Ботлихский район» состоится семинар совещание на тему: «Актуальные вопросы применения контрольно-кассовой техники» и «Проблемные вопросы возникающие при администрировании страховых взносов». На семинаре выступят представители Межрайонной ИФНС России №12 по РД по следующим темам:**

**-Актуальные вопросы применения контрольно - кассовой техники;**

**-Проблемные вопросы возникающие при администрировании страховых взносов.**

**Семинар состоится 3 марта 2022 года в 10.00 часов по адресу:**

**РД, Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная 130, 1-этаж актовый зал.**

**Телефон для справок +7(271) -2-21-29.**

**А. М. Иманшапиев,**
**начальник Межрайонной инспекция Федеральной налоговой службы № 12 по Республике Дагестан**

РИТМ ГУМБЕТА

## Школьник из Дагестана получил стипендию Фонда Владимира Просвирякова

**Учащийся образовательного учреждения Махачкалы Адам Хиряев получил стипендию Фонда Владимира Просвирякова на 2022 год и право на обучение в Русской шахматной школе.**


Дагестанский школьник получил сертификат на обучение в Русской шахматной школе

**Об этом сообщает официальный аккаунт Минобрнауки РД в Instagram. По сообщению источника, премия дает право не только на годовое обучение в Русской шахматной школе, а также включает сопровождение на соревнованиях.**

**Так, у Адама будет возможность развивать свои шахматные способности под руководством гроссмейстеров Георгия Кастанеды и Сергея Юдина.**

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов АСП «Сельсовет Цунди-Шабдухский»

### РЕШЕНИЕ №7

**30.12.2021 г.** **с. Шабдух**

**«О бюджете АСП «сельсовет «Цунди-Шабдухский» Гумбетовского района Республики Дагестан на 2022 год и на плановый период 2023 и 2024 годы».**

| | 2022 год | 2023 год | 2024 год |
|---|---|---|---|
| **Доход** | **2090** | **1728** | **1731** |
| а ) Собственные доходы | 147 | 147 | 147 |
| 1.Налог на доходы физ.лиц | 30 | 30 | 30 |
| 2.Налог на имущество | 11 | 11 | 11 |
| 3.Зем. налог | 87 | 87 | 87 |
| 4. ЕСНХ | 19 | 19 | 19 |
| б) дотация | 1835 | 1468 | 1468 |
| в) субвенция | 108 | 113 | 116 |
| **Расход по учреждениям** | **2090** | **1728** | **1731** |
| 1.Аппарат управления | 951 | 807 | 807 |
| 2.Культура | 1013 | 748 | 748 |
| 3.ВУС | 108 | 113 | 116 |
| 4.Бухгалтерия | 18 | 60 | 60 |

**Председатель сельского собрания А. Н. Юсупов**

## Муниципальное образование «Сельсовет Игалинский» муниципальный район «Гумбетовский район»

### ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**21 февраль 2022 года** **№ 06**

**О проведении публичных слушаний по изменению одного вида разрешенного использования земельного участка на другой вид такого использовании**

**Руководствуясь статьями 8 ,41-46 Градостроительного кодекса Российской Федерации, главой 5 статьи 28 Федерального закона от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организацю местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом сельского поселения «сельсове' «Игалинский» Порядком организации и проведения публичных слушаний на территори сельского поселения «сельсовет «Игалинский» утвержденных решением собрании депутате сельского поселения «сельсовет «Игалинский»» от 13.02.2020 г № 2 ив целях соблюдения праг человека на благоприятные условия жизнедеятельности, прав и законных интересе правообладателей земельных участков и объектов капитального строительства,**

**ПОСТАНОВЛЯЮ:**

Провести публичные слушания по вопросу изменения вида разрешенного использован] следующего земельного участка: кадастровый номер 05:25:000002:1220, площадью кв.м., расположенного по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Ига ул.Озерная д.1 используемого для ведения личного подсобного хозяйства (код 2.2) следующий вид разрешенного использования: для размещения объектов здравоохранег (Аптека) (код 3.4).

Публичные слушания но вопросам, указанным в п, I настоящего Постановлен провести 28 февраля 2022 года в 13 часов 00 минут в помещении администра1 сельского поселения «сельсовет «Игалинский» по адресу: Республика Дагес, Гумбетовский район с.Игали ул.Озерная 5

Установить, что предложения граждан по вопросу изменения вида разрешён! использования указанного земельного участка принимаются в письменной фс секретарем комиссии по организации и проведению публичных слушаний по рабо дням по адресу: Республика Дагестан ,Гумбетовский район с.Игали ул.Озерная 5.

Расходы, связанные с организацией и проведением публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка возложить на заявителя.

5.Опубликовать настоящее постановление в газете «Гумбет» а также разместить на официальном сайте сельского поселения «сельсовет «Игалинский» в информационнотелекоммуникационной сети «Интернет».

Утвердить прилагаемый состав комиссии по проведению публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка по приему и учету предложений по нему (прилагается).

Комиссии по организации и проведению публичных слушаний обеспечить:

-размещение постановления на официальном сайте администрации сельского поселения «сельсовет «Игалинский»».

-подготовить протокол проведения публичных слушаний

Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации С.М. Сулайманова.

БетӀерав редактор: ХӀамзат МухӀамадович ГӀизудинов телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГӀабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухӀамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватӀибе биччазе гьулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.